



Enrolment policy - Kirundi

Itegeko rijanye n'iyandikwa

Inkuru abavyeyi bakeneye kumenya

Itegeko rijanye n'iyandikwa ry' abanyeshuri mu mashuri ya Reta ya NSW rwarashizweho kugira ngo rufashe abanyeshuri gushitsa ivyo bategerezwa gukora biciye *mw'Itegeko ryo mu mwaka wa 1990* – aho umunyeshuri wese aronka ikibanza mw'ishuri ryo mu m'icungararo abamwo. Urwo rutonde vyongeye rwereka abakozi n'ikibano ko ukwo kwandika kwakorewe mu muco ahagaragara

Kubera iki itegeko rijanye n'iyandikwa ryasubiweho?

Mu gihugu cose, amakominote menshi ariko arahindagurika. Amwe ahaye atera imbere mu buryo butari bwakaboneke. Amashuri amwe amwe yahora yemerera abanyeshuri batava mu karere arimwo, ntagifise uburyo bwo kubikora nk'uko yahora abikora.

Itegeko ryasubiweho mu ntumbero yo gushigikira amashuri kugira ngo ashobore kwakira abanyeshuri bose basaba kwakirwa, rutere intege mu gufata ingingo, hamwe n'uko ukwo kwandikwa kw'abanyeshuri gusobanurika neza ku bavyeyi

Ivyahindutse ni ibihe?

The enrolment cap

The enrolment cap ni igitigiri c'abanyeshuri bashobora kwakirwa kuri iyo shuri hafatiwe ku bibanza bihora ishuri ifise. The enrolment cap itwerekana nimba iryo shuri rifise canke ridafise ubushobozi bwo kwakira abadakomoka kuri iyo m'icungararo yaryo. Si igitigiri canke urwego rutarengwa ku banyeshuri bo mu m'icungararo ishuri rishobora kwakira.

Ishuri ryose ryakira abanyeshuri bo mu karere rifafise cap vyashinzwe n'igisata guhera muri Term 4 2019.

Muri iyo the enrolment cap, igitigiri c'ibibanza vyagenewe abo muri ako karere bitegerezwa kubanza gushirwa ku ruhande bibikiwe abanyeshuri bashobora kwiandikisha kuri uwo mwaka. Ibibanza vyashizwe ku ruhande bikabikwa vyitwa the buffer. Kubera iyo mpamvu, ishuri ntirizokwakira abanyeshuri atari abo mu micungararo igihe bazoba bamaze gushikira the buffer, kiretse habayeho ibituma bidasanzwe.

Amanota 100 - asuzuma aho abanyeshuri baba

Abavyeyi barondera kwandikisha umwana wabo kw'ishuri riri hagufi yo buffer canke cap Canke ryakwije buffer canke cap yaryo rizosabwa kwuzuzwa amanota 100 - y'isuzuma ry'aho abantu baba kugira ngo hemezwe ko baba mu karere ishuri yashingiwe gutoramwo abanyeshuri. Ibi bisigura yuko abavyeyi bazoba bakeneye gutanga ivya ngombwa kugira ngo vyemeze ko uwo mwana ari ho asanzwe aba kuri ico gihe.

Rero iryo shuri rirondera gusa inkuru zijanye n'ukwandikwa kw'umwana, urutonde rw'ivya ngombwa bisabwa rushobora kuboneka kw'ishuri canke ku gisata co ku buhinga ngurukanabumenyi <https://education.nsw.gov.au/policy-library/policies/enrolment-of-students-in-nsw-government-schools>.

Ibifatirwako kubataba mu micungararo y'iryo shuri

Abavukana n'umunyeshuri aja yanditswe kuri iryo shuri nibo bahabwa ibibanza ubwa mbere (aho bishoboka) kandi ibifatirwako mu kwakira abatava mu micungararo y'iryo shuri ntibizorinda kuraba ubwenge bw'umwana, ingene yakoze mw'ishuri canke ico yashitseko.

Ikitahindutse ni iki?

Amashuri azobandanya kwandikwa abanyeshuri baba mu m'icungararo y'akarere iryo shuri ririmwo, hatabanje kwitabwaho cap bw'iryo shuri.

Nta mpinduka zabayeho ku bijanye n'uburenganzira bwo kwandikwa abavukana mw'ishuri naho batoba bava mu m'icungararo iryo shuri irimwo. Mu mashuri akirimwo ibibanza, uwusaba wese kwandikwa azokwandikwa hisunzwe ivy'iryo shuri isaba, harimwo n'abavukana n'uwusanzwe ahiga. Iyo iryo shuri itaruzuzwa ibibanza vy'abanyeshuri, abandi banyeshuri bavukana n'abasanze bahiga batava mu karere iryo shuri yemerewe kwakiramwo abanyeshuri nibo bahabwa ibibanza ubwa mbere.

Amashuri azobandanya gushigikira imiryango no kuyiha impanuro mu gihe co kwandikisha abana, harimwo n'ugusuzuma ibihe bidasanzwe n'impamvu zidasanzwe cane cane ku banyeshuri bagendana ibibazo n'imiryango yabo ifise ibibazo kanaka yisangije.

Amashuri vyongeye azobandanya gukoresha iryo tegegonze atarenganya igihe azoba ariko arafata ingingo ku bijanye n'abasavye kwandikwa muri yo. Abavyeyi barafise uburenganzira bwo kwitwara kugira ngo basuzume nimba ivyavuzwe mu ntonde ari vyo vyakwirikijwe mu buryo bugaragara kandi biciye muco.

Mugabo izo mpinduka zisigura iki kuri jewe?

Mbega iryo umwana wanje aja yaranditswe ariko tukaba tutaba mu karere iryo shuri yemerewe kwakira mwo abana?

Uwo mwana wawe azoguma yanditswe muri iryo shuri kubera yuko urwo rutonde rutagira uruhara ku banyeshuri baja baranditswe mu mashuri ya Reta NSW.

Twari mu karere igihe umwana wanje yandikwa muri iryo shuri. Igisata ariko carahinduye akarere iryo shuri ritarenzamo kwemerera abanyeshuri kandi ubu aho tuba ntihakiri muri ako karere iryo shuri ryemerewemo kwakira abanyeshuri. Ndafise abandi bana kandi nipfuza yuko bese biga kw'ishuri imwe.

None ibindi nokora ni ibiki?

Rimwe na rimwe ni ngombwa ko igisata gihindura utuntu tumwe tumwe tujanye n'akarere iryo shuri ryemerewe kwakiramwo abana. Ibi bishobora gusigura yuko umuryango ufise umwana canke abana baja biga kuri iryo shuri ariko ubu bakaba baba mu karere iryo shuri ritemerewe kwakiramwo abanyeshuri. Igihe ivyo bishitse, umuryango urashobora kuguma wemererwa ko abavukana n'uwo mwana yaja yiga aho kuri iryo shuri na bo nyene bemererwa hatarinze kurabwa ko iryo shuri irengeje buffer canke cap.

Nja mfise umwana yanditswe nk'umunyeshuri atava mw'ishuri rya reta NSW. Nshobora none kwandikisha abandi bana banje muri iryo shuri nyene?

Ibi bizovana n'ubushobozi iryo shuri rifise:

- Nimba iryo shuri **ritari hafi ya buffer yayo**, aho rero abavukana n'uwo mwana bashobora kwemererwa kwandikwa kuri iryo shuri. Mbere abavukana n'abanyeshuri baja baranditswe ngaho nibo bazokwandikwa imbere y'abandi, aho bishoboka, imbere y'uko abandi batava muri ako karere bandikwa.

- Iyo ishuri iriko **iregereza buffer yayo**, aho ishuri izoca ishinga umurwi ujejwe kuraba ingene wotunganiriza abatava mu micungararo y'iryo shuri. Uwo murwi usuzuma abasavye kwandikwa batava mu micungararo y'iryo shuri igihe igitigiri c'abasavye batava mu m'icungararo y'iryo shuri kirengeye igitigiri c'ibibanza biriho kuri musu ya buffer. Vyongeye, igihe bigenze uko, abavukana n'abanyeshuri baja biga ngaho kuri iryo shuri nibo bazokwandikwa ubwa mbere, aho bishoboka, imbere yuko abandi bemererwa.
- Iyo ishuri **ikwiye, ni ukuvuga ko yuzuye**, ntizoba icamera kwakira abatava muri iryo m'icungararo kiretse habayeho izindi mpamvu zidasanzwe.

Nja naremerewe ikibanza yuko umwana wanje azokwiga mw'ishuri mu mwaka wa 2020 itari mu micungararo y'aho mba. None ubu bizoca bigenda gute?

Uwo mwana azokwiga aho yari yemerewe. Abana batava mu micungararo bemerewe ishuri imbere ya Term 4 2019 ku banyeshuri bazatangura muri 2020 iyi ngingo nsha ntibafata,

Ibisabwa kugira ngo umwana yandikwe mw'ishuri itari mu micungararo y'ishuri yaho mba ni ibihe?

Amashuri ashobora kwakira abanyeshuri batava mu micungararo ashiraho umurwi wo kuraba abakwiye ivya ngombwa bisabwa, iryo abasavye barengeye ibibanza biri musu ya buffer y'ishuri.

Amashuri asabwa kwerekana ibisabwa kugira ngo abana bemerewe kwandikwa mw'ishuri yo mu kibano.

Ibihe ndimwo ntivyoroshe na gatoya kandi niyumvira ko iryo shuri ariyo ikwiriye umwana wanje kurusha izindi zose. Tuba mu karere iryo shuri ritemerewe kwakiramwo umunyeshuri. None nokora iki?

Turatahura yuko abantu bese batari mu bihe bigoye kumwe, kandi ko hari ibihe bashobora gufatira kuri ivyo bihe bakiga neza ikibazo bakagitwara umuti.

Nimba rero ari uko biri, utegerezwa kuvugana n'umuyobozi w'ishuri yo mu micungararo urimwo.

Abo ushobora kubaza

Ku bijanye n'ibibazo bisanzwe bariza kuri 1300 679 332 canke urungikire email: DoEinfo@det.nsw.edu.au

Ku bijanye n'ibibazo bijanye n'ukwandikisha mu mashuri abana, vugana n'umuyobozi wo mw'ishuri ryo mu micungararo ubamwo. Rondera ido n'ido ry'ukugene wobonana n'uwo muyobozi aha hakurikira: <https://education.nsw.gov.au/public-schools/going-to-a-public-school/finding-a-public-school>

Igikorwa co gusobanurira abandi indimi kuri telefone

Nimba ukeneye uwugusigurira mu rundi rurimi yogufasha gushikira iryo shuri, usabwe guhamagara ku bajewe gusobanura ururimi mu rundi kuri izi numero 13 14 50, uce usaba umusobanuzi mu rurimi rwawe. Bwira uwuri aho muriko muravugana kuri telephone ino numero za Telephone ushaka guhamagara ko kandi uwuriko arakwakira azoca akuronsa umusiguzi ku buhinga bwa none agufashe muri ico kiganiro muzoba muriko muragiriranira n'uwo muntu. Iryo nta mahera bizogutwara.